



Pou Piblikasyon Imedya: 11/04/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

DEKLARASYON GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL POU SIPÒTE RÈGLEMAN PREZIDAN BIDEN LAN SOU REPRESYON ZAM ZONBI YO

"Jodi a, Prezidan Biden ak Depatman Jistis la te anonse plis mezi pou reprime zam zonbi yo, ki enkli pou soumèt ekipman "acha, fabrikasyon, ak tir" yo anba menm lwa federal ki aplike pou zam yo. Mwen bat bravo pou Prezidan Biden dèske li konble eka sa ki menase sekirite kominote nou yo, epi mwen vle remèsye Prezidan an pou patenarya kontini li. Okenn moun pa ta dwe ka pase sou kote pwosesis pou gen aksè nan zam mòtèl yo, espesyalman sila yo ki pran sèlman 30 minit pou fabrike yo epi ke pyès yo koute mwens pase 100 dola. Semèn pase a sèlman, yo te tire twa adolasan epi youn te mouri pandan y ap mache ale lakay yo sot lekòl nan Sid Bronx lan ke lapolis kwè se te yon zam zonbi.

N ap obsève yon ogmantasyon enpòtan nan kantite zam zonbi yo itilize nan fiziyad mòtèl atravè eta nou an. Se poutèt sa, nan mwa oktòb la, mwen te pran mezi pou [rann li kriminel pou vann](#) zam fantom epi egzije moun ki fè zam yo anrejistre zam yo fabrike yo. Mwen te etabli tou yon Fòs Travay ant Eta ki se lidè nan peyi a sou Zam Ilegal, k ap reyini ansanm dis eta, ajans federal, ak ajans aplikasyon lalwa lokal yo. Gwoup Travay la genyen yon [enpak imedya](#), k ap retire plizyè santèn zam - ki enkli zam fantom yo - nan lari a chak mwa.

N ap trete vyolans ak zam menm jan ak kriz sante piblik ak sekirite ke li ye a, kote nou konsakre yon montan istorik 227 milyon dola nan bidjè [Ane Fiskal 2023 nou an](#) pou pwogram prevansyon vyolans ak zam ki vize abòde fondman epidemi sa. Mwen garanti ke n ap kontinye travay ak patnè nou yo nan nivo lokal, eta ak federal pou reprime distribisyon ak posesyon zam danjere, retire zam yo nan lari nou yo, epi sove lavi."

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418